

## **FEYÈ ENFMASYON POU PARAN TIBEBE KI FENK FÈT**

*Konpliman paske ou se yon paran (oswa paske ou se yon paran ANKÒ)!*

### **VAKSEN:**

- \* Epatit B – anpeche ptit ou gen Epatit B, yon viris ki bay enfeksyon grav nan fwa ak kansè nan fwa. Pifò tibebe pran premye vaksen Epatit B yo nan lopital la. Sinon, n ap ba yo li pandan premye mwa nan lavi yo. Efè segondè vaksen sa a pa rive souvan.
- \* Nou ankouraje anpil pou manm fanmi k ap viv ak tibebe pran vaksen pou grip sezón ak pou koklich. Tanpri kontakte doktè prensipal ou.

### **TÈS POU DEPISTAJ:**

Pifò tibebe fè yon tès depistaj paske yo fenk fèt epi yo fè tès pou tcheke kijan yo tandé nan lopital la. Mande doktè tibebe ou la si ou gen kesyon konsènan rezulta yo.

### **DEVLÒPMAN ak KONSEY SOU KIJAN POU JWE WÒL PARAN:**

*Pale/langaj:*

- \* Tibebe ki fenk fèt ap reyaji lè yo tandé bri.
- \* Li nòmal pou tibebe ki fenk fèt pantan.
- \* Nan pwochen semèn k ap vini yo, tibebe yo ap aprann vwa moun ki abitye avèk yo.

*Kapasite fizik:*

- \* Tibebe ki fenk fèt pa kapab kenbe tèt yo byen epi yo bezwen gen sipò pou tèt yo ak kou yo.
- \* Byen souvan, tibebe ki fenk fèt kenbe dwèt ou epi yo fè yon pwen ak men yo.
- \* Nan pwochen semèn k ap vini yo, tibebe yo ap kòmanse leve tèt yo.

*Sosyal/jwe:*

- \* Tibebe renmen figi moun! Tibebe yo kapab wè figi ou byen si ou apeprè 6 a 12 pouz avèk yo.
- \* Pandan pwochen semèn k ap vini yo, tibebe yo ap kòmanse konsantre sou figi, limyè ak lòt bagay.
- \* Tibebe yo prefere jwèt ki gen desen nwa ak blan ladan yo paske tibebe kapab wè yo pi byen.
- \* Tibebe yo renmen moun pale avèk yo, yo renmen moun kenbe yo, kajole yo epi gade yo fasafas.

*Konpòtman:*

- \* Tibebe ki fenk fèt ap dòmi anpil! Pifò tibebe ki fenk fèt ap dòmi pi plis lajounen epi yo reveye pi plis lannuit – se nòmal epi sa ap chaje tikras pa tikras tank tibebe a ap pi gran.
- \* Tibebe ki fenk fèt dwe toujou dòmi sou do yo. Sa redui risk ki genyen pou SIDS (Sendwòm Lanmò Sibit Timoun oswa lanmò nan bèsò). Li rekòmande pou tibebe piti dòmi nan pwòp bèsò pa yo oswa nan basinèt san pa gen atik pou kabann oswa zòrye ki mou ladan yo. (Gade nan seksyon **SEKIRITE a**, ki pi ba la a).

*Konsèy sou kijan pou jwe wòl paran:*

- \* Eseye dòmi lè tibebe a ap dòmi.
- \* Kite fanmi ak zanmi ede ou.
- \* Rele doktè pitit ou oswa doktè pa ou si ou santi ou tris oswa si ou gen twòp pou ou pandan plis pase dezoutwa jou.
- \* Manman k ap bay tete yo dwe bwè anpil likid epi yo dwe kontinye pran vitami prenatal.

### **KIJAN POU BAY TIBEBE MANJE:**

- \* Tibebe yo ap bezwen lèt manman oswa lèt nan bwat ki gen fè ladan jiskaske yo gen laj ennan (1 an). Pa ba yo dlo amwenske doktè ou rekòmande sa. Li pa nesesè pou ba yo ji ak te nan laj sa a.
- \* Pa kite yon bibwon ki apiye nan bouch tibebe a san pa gen yon moun k ap siveye li. Sa ka lakòz timoun nan trangle oswa manje twòp.
- \* Pa mete bibwon ki gen lèt manman oswa lèt nan bwat nan mikwo-onn.
- \* Vide kèk gout lèt sou ponyèt ou pou ou ka verifye tanperati lèt manman an oswa tanperati lèt nan bwat la.
- \* Lè w ap prepare lèt nan bwat la, toujou suiv esplikasyon ki sou pake a.
- \* Si ou bay tibebe ou la tete, rete tann jiskaske li gen laj 1 mwa anvan ou itilize yon sison.
- \* Pa bay tibebe ou la siwo myèl pandan premye ane lavi li. Siwo myèl ka bay botilis.
- \* Tibebe manman bay tete dwe pran vitavin D anplis pou anpeche yo rachitik (gen zo fèb ak lòt pwoblèm). Tibebe ki pran lèt nan bwat bezwen vitamin D anplis tou si yo pap pran omwen 30 ons lèt nan bwat chak jou. Doktè ou dwe preskri ou li oswa li dwe di ou ki pwodui pou achte, òdinèman pandan premye mwa a.

### **IJYÈN:**

- \* Òdinèman, kòd lonbrit la tonbe apeprè lè tibebe a gen 2 semèn. Kenbe kòd la sèch, jiskaske li tonbe. Pa gen pwoblèm pou netwaye san sèch la.
- \* Li pi bon pou benyen tibebe a ak eponj jiskaske kòd la tonbe epi kote a sèch.
- \* Itilize dlo nòmal avèk oswa san yon savon/chanpou lejè pou benyen tibebe a.
- \* Kenbe zong yo kout. Pafwa tibebe grata figi yo ak zong yo. Itilize lim oswa koupzong pou koupe zong ki file yo.
- \* Tibebe ki fenk fêt pa bezwen mete twòp bagay pou vlope yo.  
Òdinèman, 1 kouch rad anplis pase sa adilt yo mete ap bon. Anpil tibebe ki fenk fêt renmen vlope nan yon lenn fen, yo rele li “kovèti prefere”.

### **KIJAN POU PRAN SWEN KOUCHÈT TIBEBE:**

- \* Dabò, tibebe ki fenk fêt, fè poupou ki nwa, kolan, yo rele li goudwon.
- \* Tibebe manman bay tete fè poupou ki yon tijan mawon tire sou vè pandan premye 2 a 5 jou yo; epi lèfini, li vin jòn, lach epi li tankou li gen grenn ladan.
- \* Tibebe ki pran lèt nan bwat fè poupou ki pi solid epi ki yon tijan vèt.
- \* Byen souvan, tibebe tire epi yo sanble yo pa alèz lè y ap fè poupou. Se yon bagay ki nòmal.
- \* Lè tibebe piti gen konstipasyon, sa vle di poupou a epè epi li difisil pou pase.
- \* Desitin, Balmex, A+D Ointment, eksetera... kapab itil pou gratèl kouchèt bay tibebe.
- \* Pa itilize poud.

### **KESYON SEKIRITE:**

- \* Pa janm kite tibebe ki fenk fêt san pa gen moun k ap siveye yo oswa poukont yo sou yon kabann, sofa, sou tab pou abiye yo oswa pandan y ap pran yon ben.
- \* TOUJOU mete tibebe ou ki fenk fêt dòmi sou do pou redui risk pou SIDS, oswa pou yo pa toufe (lanmò nan bèso).
- \* Tibebe ki fenk fêt dwe dòmi sou yon kote ki fèm. Evite kabann ki mou, nounous, zorye oswa nenpòt objè mou kote tibebe ki fenk fêt la ap dòmi.
- \* Pa janm souke tibebe ou.
- \* Toujou itilize yon chèz pou sekirite nan machin. Tibebe ak timoun piti dwe chita devan-dèyè nan machin jiskaske yo gen laj 2 an.

- Mitan chèz dèyè a se kote ki gen plis sekirite. Tibebe ak timoun piti dwe TOUJOU chita nan chèz dèyè a.
- \* Mete tanperati aparèy pou chofe dlo a sou 120 degre F oswa mwens.
  - \* Itilize yon bèsò ki gen ba, ki gen yon espas 2 3/8 pou s oswa mwens ki separe yo.
  - \* Chèche konnen si lakay ou gen penti ki gen plon ladan oswa si gen danje pou ekspoze ak plon. Si ou lwe yon apatman, mètkay la dwe konnen epi lalwa egzije li pou li devilge enfòmasyon sa a. Mande doktè pitit ou oswa enfimyè a si ou gen kesyon sou sa.
  - \* Pa fimen nan kay la! Nou ankouraje anpil pou paran ki fimen yo kite fimen. Menm lafimen ki sou rad ou, nan cheve ou, epi nan souf ou kapab afekte pitit ou. Mande nou enfòmasyon sou kijan pou sispann fimen.
  - \* Ou dwe sèten alam pou dife ak alam pou monoksid kabòn yo ap fonksyone.
  - \* Nou rekòmande fòmasyon nan CPR.

## **ESPLIKASYON ESPESYAL:**

- \* Telephone imedyatman si lè ou pran tanperati tibebe ou ki fenk fèt la nan dèyè, tanperati a 100.4 oswa pi wo.

**PWOCHEN VIZIT:** Lè tibebe a gen laj 2 semèn pou verifye pwa epi, si li nesesè, lòt pwoblèm, maladi, ak blesi.

Sonje ekri kesyon yo epi pote lis la avèk ou!

## **ÈSKE OU VLE PLIS ENFÒMASYON?**

**Entènèt la ka yon sous ekselan pou enfòmasyon sou sante ak devlopman timoun. Ou dwe chèche konnen si sitwèb ou vizite yo gen bon repitasyon! Si ou gen kesyon, tanpri mande nou.**

### **Èske ou bezwen èd pou bay tibebe tete?**

Ale rankontre yon konsiltan nan zafè laktasyon ansanm ak lòt manman k ap bay tibebe tete nan Pwogram Cambridge Health Alliance Breastfeeding Support Drop-in la, ki nan 8 Camelia Avenue nan ale pou rantre nan Lopital Cambridge la. Madi ak jedi depi 10AM jiska 12PM. Li pa nesesè pou ou gen randevou!

W ap jwenn plis enfòmasyon nan sous sa yo:

Massachusetts WIC Nutrition  
Program

La Leche League (800) LA LECHE

Nursing Mothers' Council (617) 244-5102

Massachusetts Breastfeeding  
Coalition [www.massbfc.org](http://www.massbfc.org)

International Lactation  
Consultant Association [www.ilca.org](http://www.ilca.org)

National Women's Health  
Information Center (800) 994-9662

**Tcheke enfòmasyon American Academy of Pediatrics bay pou  
paran yo konsènan *Bright Futures (Avni Briyan)* nan:**

<http://brightfutures.aap.org/pdfs/Visit%20Forms%20by%20Age%20110/-5,%208%20Year/C.MCh.PH.7,8yr.pdf>

**Tcheke enfòmasyon American Academy of Pediatrics bay pou  
paran yo konsènan *Healthy Children (Timoun an sante)* nan:**

[www.healthychildren.org](http://www.healthychildren.org)

**Jwenn plis enfòmasyon ak zouti sou sit entènèt Resous Paran  
CHA:**

<http://www.challiance.org/Services/PediatricsResourcesforParents.aspx>

**Konekte avèk nou nan Facebook:**

<https://www.facebook.com/CHAPediatrics>

Revize nan mwa janvye 2014